



Mezi ResilientMass yo

FEVRIYE 2025





Remèsiman

Ekip Jesyon Pwojè



Ekip Konsiltan

BSC Group, Inc.

Industrial Economics

Consensus Building Institute

Susanne Moser Research & Consulting

Climate Advisory, LLC

Beech Hill Research



Foto: Timoun nan Worcester ap travay ansanm sou estrateji pou fè lakou lekòl yo vin pi fre pandan yon pwojè ki finanse pa sibvansyon Aksyon sou Preparasyon Vil yo kont Vilnerabilite.

Foto Kouvèti yo (goch a dwat): Repons inondasyon Plum Island, pwojè pou retire baraj Norwood la, atelye sou Konstwi Rezistans Kominotè nan Wellesley, ak jounen rebwazman forè mini kominotè nan Ayer.



Kontni yo

1. Rezime Egzekitif.....	4
Kisa Mezi ResilientMass yo ye?	4
Ki Kote Mezi ResilientMass Jwenn Plas li?	5
Kijan yo te devlope Mezi ResilientMass yo?	6
Kijan Mezi ResilientMass yo ede avanse rezilyans kont chanjman klimatik?.....	8
Tablo 1. Kòman Mezi ResilientMass yo Pral Itilize.....	10
2. Kad Travay Mezi ResilientMass yo.....	13
Eleman Kad Travay yo	13
Sektè Mezi ResilientMass yo	15
Jistis Anviwònmantal, Ekite & Kolaborasyon.....	16
Ekonomi.....	18
Sekirite Alimantè & Dlo.....	20
Sistèm ak Sèvis Gouvènman an	22
Sante	24
Enfrastrikti	26
Anviwònman Natirèl	29
3. Pwochen Etap yo	31
Apenndis A: Revizyon Presedan Mezi Rezilyans yo	33
Apenndis B: Rezime Angajman Patenè.....	34
Apenndis C: Kritè ak Pwosesis Priyorezasyon Mezi.....	35
Apenndis D: Poukisa Mezi yo Enpòtan nan Planifikasyon Rezilyans ...	36
Apenndis E: Lis tout Mezi ResilientMass yo.....	39



1. Rezime Egzekitif

Kisa Mezi ResilientMass yo ye?

An 2024, Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman Massachusetts [EOEEA] ansanm ak Ajans Jesyon Ijans Massachusetts [MEMA] mete tèt yo ansanm, epi sèvi ak yon apwòch ki enplike tout sektè gouvènman an pou devlope yon kad ak yon seri endikatè (mezi) ki pèmèt yo endikatre epi evalye pwogrès yo ap fè nan aplikasyon [Plan ResilientMass](#) (MasRezistans) la, epi ki sèvi tou kòm gid pou dirije estrateji ki gen rapò ak finansman ak aksyon sou adaptasyon ak rezilyans klimatik nan eta a

Ajans sa yo te angaje yon ekip konsiltan ki gen ekspètiz nan politik adaptasyon ak rezilyans ansanm ak mezi devlopman yo. Ansanm, ekip pwojè sa a te fè anpil konsiltasyon ak aktè anndan ak deyò gouvènman an pou yo te devlope epi rafine kad ak mezi yo, epi pou asire ke li entegre jistis anviwònmantal ak ekite tout kote. Pwosesis sa a te dire yon ane, e li mennen a rezilta Mezi ResilientMass (MasRezistans) yo [RMM] ki prezante la a.

Mezi ResilientMass (MasRezistans) yo fèt pou bay yon kad estratejik ki oryante tout travay eta a ap fè sou adaptasyon ak rezilyans fas ak chanjman klimatik. Objektif, estrateji, endikatè, ak mezi ki nan kad la ka sèvi kòm pwen referans pou mete aksyon sou rezilyans klimatik ki enplike plizyè sektè. Gen kèk mezi ki swiv aksyon ki fèt yo, pandan gen lòt ki

montre enpak aksyon sa yo genyen, e sa kapab pouse nouvo refleksyon ak opòtinite pou ajiste direksyon si sa nesesè.

Lòt òganizasyon piblik, prive, oswa kominotè nan Massachusetts ka itilize mezi sa yo tou pou enfòme travay yo sou rezilyans klimatik oswa pou alinye efò yo ak sa eta a ap fè pou yo ka akonpli pi gwo enpak kolektif.

Nan tout Etazini, moun k ap fè règleman yo ap vin rekonèt pi plis enpòtans pou devlope mezi rezilyans klimatik ak mezi pou swiv yo. Lè ekip Mezi ResilientMass (MasRezistans) la te egzamine inisyativ lòt eta ak vil yo ap fè, yo jwenn egzanp ki nan diferan etap devlopman epi ki konsantre sou diferan aspè rezilyans klimatik. Nan kreye Mezi ResilientMass (MasRezistans) yo, Massachusetts vin pami youn nan premye eta ki mete kanpe yon sistèm mezi konsa, epi li kontribiye nan evolisyon efò pou devlopman mezi rezilyans klimatik atravè peyi a nan sèvi modèl pou lòt eta yo epi nan montre kijan pou alinye mezi sa yo ak plan klimatik gouvènmantal yo.



Ki Kote Mezi ResilientMass Jwenn Plas li?

Leta nan Massachusetts deja pran plizyè gwo mezi pou konbat chanjman klimatik epi pou ranfòse kapasite rezilyans atravè pwogram¹ [ResilientMass](#) lan. Massachusetts te montre angajman li anvwè aksyon klimatik atravè yon apwòch konplè ki gen ladan:


- Evalyasyon Chanjman Klimatik Massachusetts 2022 a, ki se yon analiz ki fèt sou tout eta a pou montre kijan moun, anviwònman, ak enfrastrikti yo deja afekte oswa ka afekte pa chanjman klimatik ak lòt risk ki gen rapò ak sa, rive jis nan fen syèk la.

- [Plan ResilientMass 2023](#) a, ki sèvi kòm estrateji aktyèl eta a pou Rediksyon Katastwòf ak Adaptasyon Klimatik. Plan sa a baze dirèkteman sou Evalyasyon 2022 a.

- [Zouti Estanda ResilientMass pou Konsepsyon Rezilyans Klimatik](#), ki ede ajans ak minisipalite yo entegre pwojeksyon klimatik nan planifikasyon ak konsepsyon pou evalye epi diminye risk yo.

- [ResilientMass Action Tracker](#), ki swiv plis pase 142 aksyon gouvènman eta a ap mennen pou ogmante rezilyans ak diminye risk ki gen rapò ak chanjman klimatik yo.

Desen 1. Mezi ResilientMass (MasRezistans) yo kòm yon pati nan pwogram ResilientMass lan



¹ ResilientMass se yon inisyativ gouvènman Massachusetts ki vize diminye risk epi ranfòse rezilyans kont danje natirèl ak

konsekans lokal chanjman klimatik yo. Li enkli planifikasyon, pwogram, ak patenarya Leta a sou adaptasyon ak rezilyans klimatik. <https://resilient.mass.gov/home.html>



- [Bilten Rapò Klimatik Massachusetts](#) ki bay popilasyon eta a enfòmasyon sou pwogrè plizyè biwo egzekitif nan eta a ap fè ansanm pou rive sou objektif yo pou rediksyon gaz ki lakòz efè tèmik (rediksyon) ak amelyorasyon kapasite pou adapte yo (adaptasyon). Objektif ak manda yo.

Kad [Mezi ResilientMass \(RMM\)](#) lan se pwochen zouti nan seri dokiman ak gid ki la pou sipòte eta a nan avansman rezilyans klimatik nan bay endikasyon pwogrè ki klè nan adaptasyon ak enpak klimatik ki pi enpòtan pou eta a. Ansanm, mezi yo ede rakonte istwa sa k ap mache, kote ki bezwen plis resous, ak ki direksyon eta a ta dwe pran pi devan.

Kijan yo te devlope Mezi ResilientMass yo?

Ekip pwojè ki t ap travay sou devlopman Mezi yo te mennen yon pwosesis ki te dire yon ane ak angajman elaji atravè gouvènman eta a epi patnè ekstèn yo pou devlope yon kad ak mezi ki kapab mezire pwogrè reyèl nan objektif rezilyans kont chanjman klimatik yo. Mezi ResilientMass yo bati sou inisyativ ki deja egziste nan eta Massachusetts, epi yo te pran eksperyans ki soti nan lòt eta pou ede mete sou pye yon kad efikas pou mezi rezilyans klimatik. Yo te fè yon analiz sou yon kad parèy ki te itilize nan lòt eta, minisipalite, ak òganizasyon (gade Apenndis A), epi yo te idantifye sis karakteristik ki fè yon kad mezi rezilyans klimatik efikas ak itil, gen ladan: Pwosesis Devlopman, Aplikasyon, Tip Mezi a, Fokis sou Ekite, Definisyon Baz ak Objektif, Vizyalizasyon ak Rapò Done (gade Desen 2).

Desen 2. Sis karakteristik esansyèl pou mezi rezilyans klima ki efikas epi itil





Aprè analiz sa a, pwojè a te kontinye etap pa etap pou devlope chak eleman kad la, avèk patisipasyon reprezantan ajans leta yo jan sa detaye nan desen 3 a.

Tankou yon pati nan objektif [EEA] yo pou mete aksan sou kesyon ekite pandan tout devlopman pwojè Mezi yo – soti nan kad ak mezi pou rive nan angajman estrateji – yo te mete rasanble yon Gwoup Konsiltasyon sou Ekite [EAG] pou bay konsèy sou pwojè a. Manm [EAG] yo te sòti nan plizyè orijin, eksperyans, ak rejyon; anpil ladan yo te konekte ak kominote jistis anviwònmantral oswa yo te fè eksperyans dirèk kòm manm gwoup ki pi ekspoze yo. Yo te revize e bay opinyon sou diferan etap nan pwojè devlopman mezi yo.


Yo te òganize de reyinyon piblik, epi yo te konsilte patnè ekstèn tankou ONG, patnè akademik, gouvènman lokal, ak lòt aktè pou enfòme etap kle yo nan pwosesis devlopman kad ak mezi yo.

Yo bay plis detay sou aktivite aktè yo nan Apenndis B.

Yon kad mezi konplè dwe gen yon konbinezon de mezi kalitatif ak kantitatif nan kategori sa yo:

- **Opinyon / Kapasite pou Adapte:** Mezi ki montre kondisyon ki pèmèt adaptasyon fèt.
- **Pwosesis:** Mezi sou kalite ak efikasite metòd yo itilize pou planifye, mete ann aplikasyon, angaje ak kominike sou efò adaptasyon.

Desen 3. Pwosesis devlopman ak angajman patnè pou Mezi ResilientMass





- **Rezilta:** Mezi ki montre aksyon konkrè, sèvis, oswa pwodui ki sòti nan efò adaptasyon yo.
- **Efè / Enpak:** Mezi ki montre efè dirèk oswa endirèk sou tan long efò adaptasyon yo genyen

Pou mete ansanm premye seri mezi yo, yo te mande ajans leta yo bay enfòmasyon sou aktivite yo, sou done yo ranmase, ak sou objektif yo mete. Ekip konsiltan ResilientMass Metrics la te fè yon analiz fon sou aksyon ak done sa yo pou jenere premye vèsyon mezi yo. Nan premye etap sa a, yo te rive jwenn prèske 200 mezi potansyèl atravè tout sektè yo. Lè yo pa t jwenn ase done ki sòti dirèkteman nan Massachusetts pou devlope kèk mezi, ekip la te baze sou ekspètiz, literati ki egziste deja, epi sou kad ki soti nan lòt eta ak nivo federal.

Aprè sa, ekip jesyon pwojè a ansanm ak ekip konsiltan an te travay ansanm pou rafine lis sa a, mete l sou pye pi piti, pi pratik, epi pi enpòtan selon kritè priorite ak sa yo ka aplike sou tan (gade Apenndis C pou plis detay sou sa). Yo te kontinye rafine lis la apre revizyon ajans leta yo ak gwoup EAG la, sitou sou baz disponiblite ak preparasyon done.

Reziltan mezi yo te klase an de kategori prensipal:

Mezi priyorite ResilientMass:

Mezi ki deja oswa ki pral devlope ak swiv chak ane, sa gen ladan l:

- **Mezi “ki deja ap swiv.”** Sa yo se mezi ki deja gen done disponib e ki te byen klase selon kritè priorite yo. Yo ap parèt sou tablo ResilientMass Metrics ki ap vini an. Gen kèk ladan yo ki deja parèt nan Bilten Rapò Klimatik chak ane.
- **Mezi “priorite pou devlopman.”** Sa yo se mezi aktè yo te idantifye kòm esansyèl, epi yo dwe kòmanse swiv yo pi vit posib pandan sik

5 ane Plan ResilientMass lan.

Mezi pou plis konsiderasyon:

Sa yo se mezi yo te idantifye pandan premye faz devlopman an, men yo pa t rankontre ase kritè pou antre nan kategori prensipal la. Pa egzanp, yo ka mande done nan men sektè prive, bezwen plis rechèch, oswa plis itil pou ajans espesifik olye pou piblik la an jeneral.

Nan Seksyon 2 w ap jwenn rezime chak sektè nan kad la, ansanm ak mezi yo ki deja ap swiv. Lis konplè tout mezi ki devlope yo disponib nan Apenndis E.

Kijan Mezi ResilientMass yo ede avanse rezilyans kont chanjman klimatik?

Massachusetts deja mete sou pye yon baz solid pou konprann vilnerabilite lokal ak eta a fas ak enpak chanjman klimatik yo, epi pou mete an aplikasyon pwojè, pwogram, ak finansman pou ogmante kapasite rezilyans. Evalyasyon Chanjman Klimatik Massachusetts ki pi resan an mete aksan sou senk (5) sektè kote gen plis enpak: moun, enfrastrikti, anviwònman natirèl, gouvènans, ak ekonomi. Plan ResilientMass lan kontinye sou baz evalyasyon sa a, epi li tabli objektif ansanm ak aksyon ki vize ranfòse kapasite pou fè fas ak danje natirèl ak lòt risk klimatik atravè preparasyon, rediksyon risk, adaptasyon, ak rediksyon.

Tou de Evalyasyon an ak Plan ResilientMass lan te devlope pa Ekip Aksyon ResilientMass — sa se gwoup entè-ajans ki responsab pou mete plan an ann aplikasyon, fè siveyans, ak mete l ajou. Yo te fè travay sa a ansanm ak patnè lokal, rejyonal, ak kominotè.

ResilientMass Action Tracker la deja ap swiv pwogrè aksyon ki mete nan Plan ResilientMass lan — aksyon sa yo fèt pou reponn a enpak klimatik ki te idantifye kòm priorite — Men Mezi ResilientMass yo ale pi lwen pase sa, yo pa sèlman swiv aplikasyon aksyon yo, men yo ede ajans leta ak lòt aktè deyò gouvènman an reflechi sou kesyon kle an, “Ak kisa rezilyans



klimatik sanble nan eta a?” kòm yon fason pou devlope yon vizyon kolektif ak solid sou siksè, epi oryante estrateji ak efò adaptasyon yo alavni. Se konsa, yo ede idantifye fason pou mezire pwogrè eta a ap fè pou rive reyalize vizyon rezilyans sa a.

Kad Mezi ResilientMass la konsantre sou enpak ki gen plis enpòtans sou sante moun, enfrastrikti, anviwònman natirèl, gouvènans, ak rezilyans ekonomik — jan sa te idantifye nan Evalyasyon Klimatik Massachusetts MA. Patnè ki te patisipe nan pwojè a mete aksan sou sekirite alimantè ak

dlo kòm yon lòt priorite enpòtan.

Etdone kijan ekite ak jistis anviwònmantal enpòtan pou tout sektè sa yo, yo te entegre dimansyon sa yo atravè tout mezi yo. Anplis de sa, yo te devlope yon kategori apa pou Jistis Anviwònmantal, Ekite, ak Kolaborasyon pou kaptire objektif ki inik ak efò ki pa t kaptire pa kwa-sektè yo.

Mezi ResilientMass yo kapab sèvi nan plizyè fason pou soutni travay sou rezilyans kont chanjman klimatik nan eta a. W ap jwenn detay sou sa nan Tablo 1. Eitou, plis enfòmasyon sou rezon ki fè mezi sa yo enpòtan pou planifikasyon rezilyans disponib nan Apenndis D.

Desen 4. Enpak Prensipal nan Evalyasyon Chanjman Klimatik Massachusetts la

MOUN	ENFRASTRIKTI	ANVIWÒNMAN NATIRÈL	GOUVÈNANS	EKONOMI
Efè Chalè Ekstrèm sou Sante ak Konesans, tankou lanmò twò bonè ak pèt kapasite aprantisaj lakay timoun. Efè Move Kalite Lè sou Sante, tankou ka opresyon (lasm) lakay timoun ak lanmò twò bonè akòz enpak klima sou patikil polisyon ak ozòn nan lè a. Reta nan Repons Sèvis Ijans ak Deranjman nan Evakyasyon pandan tanpèt ekstrèm, sa ka lakòz blesi, pèdi lavi, ak bezwen ijans pou sekouris nan sante, sekirite, ak trafik. Pèdi lavi oswa blesi akòz danje ki soti nan baraj ki gen gwo risk, siklòn, dife nan bwa, inondasyon grav, oswa tanperati ekstrèm. Enpak dezavantajye sou moun san kay akòz chalè oswa inondasyon ekstrèm.	Domaj sou Blding andedan tè a akòz gwo lapli ak sistèm drenaj ki depase kapasite yo. Domaj sou Enfrastrikti Transmisyon Elektrik ak Rezo Sèvis Piblik ki gen rapò ak chalè twòp ak evènman ekstrèm. Domaj sou Ray Tren ak Pèt Sèvis Tren oswa Transpò Piblik, tankou inondasyon oswa defòmasyon ray pandan gwo chalè. Domaj oswa Pèt Blding ki fèt ak brik san ranfòsman akòz tranblemanntè. Domaj sou enfrastrikti, sèvis piblik, ak blding ki chita nan zòn ki ka vin likid (likèfaksyon) pandan tranblemanntè. Domaj oswa pèt kay ak enstalasyon esansyèl ki chita nan zòn ki gen risk dife nan zòn ki melanje forè ak zòn kote moun ap viv (entéfas iben-riral).	Deteryorasyon Ekosistèm Dlo Dou akòz dlo k ap chofo, sechrès, ak ogmantasyon dlo k ap koule soti nan lapli oswa inondasyon. Deteryorasyon Ekosistèm Lanmè akòz chofaj oseyan an, sitou nan Gòlf Maine lan, ak asidifikasyon oseyan an. Deteryorasyon Zòn Marekaj Kotyè yo akòz ogmantasyon nivo lanmè ak lanvayi kot yo pa vag tanpèt. Deteryorasyon Sante Forè yo akòz ogmantasyon tanperati, chanjman nan kantite lapli, dife forè k ap fèt pi souvan, ak ogmantasyon ensèk nuizib. Pèt divèsite biyolojik, abita natirèl, ak espès lokal akòz konsekans chanjman klimatik yo.	Diminasyon Revni Leta ak Minisipalite yo, tankou rediksyon nan taks sou pwopriyete akòz risk inondasyon sou kot ak andedan tè. Ogmantasyon Depans pou Reponn ak Migrasyon Klima, ki enkli planifikasyon pou chanjman toudenkou nan kantite moun ki rete nan kominote yo. Ogmantasyon Demand pou Sèvis Leta ak Minisipalite, tankou sèvis ijans, asistans alimantè, ak swen sante leta bay. Enkapasite pou akonpli misyon ak bay sèvis akòz domaj, deranjman, oswa pèdi byen ak sèvis leta yo.	Diminasyon Kapasite pou Travay, sitou pou moun k ap travay deyò pandan gwo chalè, epi reta nan transpò akòz enfrastrikti ki domaje. Diminasyon Pwodiktivite Lapech ak Akwakilti nan lanmè akòz chanjman tanperati oseyan ak asidifikasyon, sa lakòz mwens pwason, mwens revni, epi afekte lòt endistri ki depann sou yo. Rediksyon nan Kantite Kay ki Abòdab, swa akòz domaj dirèk (illegible) ki sòti nan ogmantasyon demann pou lojman. Domaj, Deranjman, oswa Pèt Enfrastrikti Kotyè yo tankou pò lanmè, ayewopò, ak endistri maritim.



Tablo 1. Kòman Mezi ResilientMass yo Pral Itilize

Itilizasyon Mezi Rezilyans yo ²		Kijan Mezi ResilientMass yo pral itilize nan Massachusetts
Planifikasyon ak priz desizyon delibere	- Sèvi kòm gid pou planifikasyon kowòdone atravè ajans ak sektè yo. - Bay yon baz pou responsab politik yo fikse objektif klè, mete yo anlini ak resous ak estrateji ki nesèsè, epi swiv pwogrè kont sib espesifik.	- Objektif kad Mezi ResilientMass la dirèkteman relye ak enpak priyorite ki idantifye nan Evalyasyon Klimatik MA a, estrateji Plan ResilientMass lan, ak aksyon ajans leta yo. Sa pèmèt EEA, MEMA, ak RMAT detèmine si aksyon gouvènman an aktyèlman ap diminye vilnerabilite, mete jistis anviwònmanal nan sant estrateji yo, epi ogmante rezilyans sou plizyè nivo. - Pwogram sibvansyon leta yo ka sèvi ak mezi RMM yo pou chanje aktivite pwogram kalifikasyon pou sibvansyon, kalifikasyon benefisyè, prensip gid oswa kritè seleksyon, pou ankouraje aksyon ki ale nan sans objektif RMM yo oswa pou sipòte ranmasaj done.
Jistifikasyon ak ekspansyon finansman pou aksyon adaptasyon ak rezilyans	- Sipòte demann pou finansman adaptasyon ak rezilyans ak mezi ki montre pwogrè oswa bezwen yo. - Chanje fason moun wè depans yo: olye yo wè yo kòm frè, yo ka wè yo kòm envestisman estratejik nan pwosperite kominote yo, nan bay tou de - Prèy ki mezire benefis potansyèl yo, baze sou mezi ki egziste deja, epi - Endikatè klè, mezirab de ak kisa siksè pral sanble, baze sou nouvo oswa mezi ki aktyalize.	- Yon revizyon chak ane sou pwogrè tout mezi priyorite yo ap ede EEA, Vis Prezidan RMAT yo, ak Sekretarya Kowòdonatè Chanjman Klimatik yo idantifye zòn ki bezwen plis resous epi mete aksan sou reyalizasyon ak retou sou envestisman ki pi wo. - Mezi yo ka sèvi tou pou tabli priyorite pou jwenn nouvo finansman oswa etabli patenarya ak sektè prive a (pa egzanp: asirans, envestisè).
Kominikasyon ak angajman piblik	- Fè lyen ant konesans syantifik ak motivasyon piblik pou aji, atravè done aksesib sou benefis tanjib adaptasyon ak mete anfas sou aksyon pozitif epi istwa reyisit yo. - Kominike espwa nan mete aksan sou objektif ki reyalizab olye de menas ase.	- Òganizasyon piblik, prive, ak kominotè nan Massachusetts ka itilize mezi sa yo pou enfòme travay yo oswa lanse aksyon lokal ki ann aliman ak efò eta a, pou gen plis efè kolektif. Òganizasyon piblik, prive, ak kominotè nan Massachusetts ka itilize mezi sa yo pou enfòme travay yo oswa lanse aksyon lokal ki ann aliman ak efò eta a, pou gen plis efè kolektif. - Mezi ki gen rapò ak sektè espesifik yo ka sèvi pou soutni dyalog ak kominike pwogrè ki fèt nan sektè sa. - Mezi yo ede kolabore ak minisipalite yo, Nasyon Tribi yo, òganizasyon natif-natal oswa kominotè, ONG, ak patnè prive pou travay ansanm, pwodwi nouvo done, amelyore rezilta rezilyans Massachusetts, epi idantifye sous finansman oswa lòt resous pou mete aksyon adaptasyon yo an pratik.

2 Adapte nan <https://resiliencemetrics.org/>



Itilizasyon Mezi Rezilyans yo ²		Kijan Mezi ResilientMass yo pral itilize nan Massachusetts
Responsabilite ak bon gouvènans	- Montre transparans ak angajman pou objektif rezilyans klimatik gras ak objektif ki mezirab ak rapò regilye sou pwogrè yo. - Detay ki bay pi bon evalyasyon sou kijan adaptasyon ap fèt, efikasite l, epi idantifye kote ki bezwen plis travay. - Ede kenbe konfyans ant gouvènman an ak popilasyon Massachusetts la lè mezi ap suiv aksyon ak pwogrè, sa montre ke gouvènman an ap aji avèk bon volonte pou adrese risk klimatik yo.	Pou piblik la, kad mezi rezilyans lan ansanm ak seri mezi ki asosye avèk li ap bay enfòmasyon sou pwogrè ki fèt atravè tout sektè yo, atravè tablo RMM lan ak kòm pati nan Bilten Rapò Klimatik Massachusetts la, pou montre kijan finansman ak efò leta ap bay bon rezilta pou moun k ap viv nan eta a.
Sipò pou jesyon aprantisaj ak adaptasyon	- Founi yon bouk retou ki pèmèt ajisteman estrateji yo selon kondisyon k ap chanje (tankou: nouvo risk klimatik oswa lòt faktè ki ogmante vilnerabilite). - Pèmèt siveyans sistematik ak evalyasyon efò adaptasyon yo, pou òganizasyon yo ka aprann nan siksè yo oswa echèk yo.	- Mezi ki aplike sou tout eta a oswa ki detaye pou gwoup popilasyon jistis anviwònmantal ak lòt gwoup priyorite ap ede eta a detèmine si aksyon ki egziste yo ase ak efikas pou ogmante rezilyans epi redui vilnerabilite. - Kowòdinasyon ant ajans leta yo ki responsab pou klima, biyodivèsite oswa lòt kalite mezi (tankou Mezi Dekarbonizasyon, Mezi Biyodivèsite, elatriye) ap bay opòtinite pou aprantisaj, aliman estrateji, amelyore efikasite, epi avanse devlopman lòt inisyativ sou mezi. - Mezi yo ki priyorite pou devlope oswa pou konsidere pi ta, si yo difisil pou swiv oswa mande plis atansyon, ka sèvi kòm baz pou pwochen Evalyasyon Chanjman Klimatik Massachusetts la, pou asire nouvo analiz fèt sou risk k ap parèt yo.

Kad ak mezi ki asosye yo pral fasil pou tout moun jwenn sou sit entènèt ResilientMass ansanm ak lyen ki soti nan lòt seksyon ki gen rapò nan [mass.gov](https://www.mass.gov), epi yo pral enkòpore yo nan [Bilten Rapò Klimatik](#) chak ane eta a.

Yon vizyon siksè

Yon *Massachusetts* ki rezilyan se yon ki byen prepare pou fè fas ak defi chanjman klimatik yo, ak kominote, biznis epi sistèm natirèl ki kapab kenbe tèt, adapte epi refè rapidman apre evènman klimatik ki ekstrèm ak chanjman anviwònmantal alontèm. Nan vizyon sa a, Massachusetts montre preparasyon, solidite, ak kapasite repons kont danje klimatik tankou inondasyon andedan tè, ewozyon kotyè, ak chalè ekstrèm. Pa egzanp, enfrastrikti transpò a rete fonksyonèl, biznis yo kontinye mache

malgre deranjman nan chèn distribisyon yo, sistèm sante piblik yo pare pou jere evènman ekstrèm (ak pi bon rezilta sanite ak mwens ka maladi depi nan kòmansman). Yon Massachusetts ki rezilyan se yon sosyete ki aji avan, ki inovatè, ak kreyatif nan jan li devlope solisyon pou avni ki pa sèten.

Nan vizyon siksè sa a, jistis anviwònmantal ak ekite se poto mitan tout efò sou rezilyans yo: priz desizyon, resous yo distribye, ak kapasite pou mete priyorite sou popilasyon ki pi vilnerab yo epi travay pou elimine diferans ki genyen nan jan chanjman klimatik afekte diferan gwoup.

Nan Massachusetts ki rezilyan sa a, tout kominote, kèlkeswa



sitiyasyon sosyoekonomik yo oswa kote yo ye, jwi avantaj mezi adaptasyon klimatik yo e yo patisipe aktivman nan pwosesis pou konstwi rezilyans. Mezi ResilientMass la ap pèmèt eta a mezire ak swiv rezilta ak efikasite efò rezilyans li yo.

Pou reyalize vizyon sa a, li nesèsè pou mete objektif ki solid, estrateji ki reyalizab, epi mwayen pou mezire epi kenbe pwogrè yo sou tan. Vizyon se kote nou vle rive, estrateji yo se veyikil ak chemen nou chwazi pou nou ale, epi mezi yo se zouti ki di nou kijan ajans leta yo ap avanse sou chemen sa a pou reyalize objektif yo.

Youn nan aspè ki pi enpòtan nan devlopman Mezi ResilientMass yo, se te kreyasyon kolektif vizyon sa a ak objektif ki mache ak li. Konsa, estrateji yo, endikatè yo, ak mezi yo ka tout mache men nan men pou soutni objektif sa yo.

Pandan gen lòt sistèm mezi klimatik ki plis konsantre sou swiv vilnerabilite (sa vle di: ki moun, ki estrikti, oswa ki sistèm ki plis ekspozè ak efè chanjman klimatik epi ki gen mwens kapasite pou reponn), ResilientMass Metrics rakonte yon lòt istwa li mete aksan sou efò adaptasyon — aksyon ki pwogresif ak reyaktif ke Massachusetts ap fè pou pi byen pwoteje kominote li yo, ekonomi li, ak anviwònman li kont defi klimatik kounye a ak sa k ap vini — epi li mezire rezilta efò sa yo.



2. Kad Travay Mezi ResilientMass yo

Eleman Kad Travay yo

Kad Mezi ResilientMass Metrics (RMM) lan gen ladann sis sektè prensipal, ansanm ak yon kategori siplemantè, ki ansanm rakonte istwa pwogrè ak siksè Massachusetts nan domèn adaptasyon kont chanjman klimatik (Nan dokiman sa a, yo rele tout sa “sektè”). Sektè sa yo baze sou senk sektè ki te deja prezante nan Evalyasyon Chanjman Klimatik Massachusetts la (ekonomi, sistèm ak sèvis gouvènman an, sante³), yo ajoute pami yo sekirite manje ak dlo, ki soti nan “MVP 2.0 Social Resilience Roadmap” ak yon kategori ke yo te idantifye depi nan kòmansman kòm yon eleman ki esansyèl pou ajoute nan yon nivo ki wo (jistis anviwònmanal, ekite, ak kolaborasyon).

Nan chak sektè, gen eleman espesifik ki defini objektif yo ki gen ladan, estrateji, endikatè ak mezi yo, epi jistis anviwònmanal patikilye ak lòt popilasyon priorite nan enterè patikilye nan chak sektè.

Desen 6. Eleman kad travay Mezi ResilientMass yo

Sektè yo

Gwoupman objektif, endikatè, ak mezi ki adrese menm tèm yo.

Jistis Anviwònmanal [EJ] & Lòt Popilasyon Priorite

Moun ak kominote pou pran an konsiderasyon nan aksyon ak nan swiv pwogrè pa sektè.

Objektif yo

Dekri kijan Massachusetts ta ye si li rezistan ak chanjman klimatik; mete aksan sou enpak priorite ki bezwen adrese pou yo ka reyisi.

Endikatè yo

Deklarasyon ki ka montre siksè oswa pwogrè; souvan gen ladan yon direksyon (pa egzanp, plis/mwens, ogmante/diminye).

Estrateji yo

Aksyon espesifik ki kontribye nan objektif ak endikatè rezistans klima yo (pa egzanp, finansman, politik, asistans teknik, elatriye).

Mezi yo

Rezilta ki mezirab (kantitatifman) oswa ki ka swiv (kalitatifman) e ki reprezante yon endikatè (oswa plizyè endikatè).

³ Refere kòm “Moun” nan Evalyasyon Chanjman Klimatik Massachusetts 2022



enpòtan pou Jistis Anviwònmantal [EJ] ak gwoup priyorite yo.

Kad sa a entegre ak tout lòt eleman pwogram ResilientMass lan. Pa egzanp, Evalyasyon Klimatik 2022 a te idantifye efè chalè ekstrèm sou sante fizik ak mantal kòm yon enpak priyorite. Konsa, Plan ResilientMass 2023 la mete estrateji ak prensip pou adrese risk sante sa yo. Donk, kad mezi a genyen yon objektif sou chalè ekstrèm, endikatè pou mezire risk sante, estrateji pou reponn, epi mezi ki montre pwogrè. Lè yo mete an aplikasyon mezi sa yo, responsab leta ak sitwayen enterese ka konprann pi byen ki pwogrè yo ap fè pou diminye enpak sa yo.

Jistis anviwònmantal ak Ekite

Jistis Anviwònmantal (EJ) ak ekite se eleman kwa-sektoryèl ki antre nan tout kad la. Nan tout sektè yo, mezi yo pèmèt siveyans sou tout popilasyon an epi tou espesyalman pou gwoup kominote jistis anviwònmantal yo, ak lòt gwoup priyorite pou evalye ke yo fè pwogrè yon fason ki ekitab. Pa egzanp, si gen yon mezi sou dlo potab ki san danje ak abòdab, y ap mezire li pou tout moun epi espesifikman pou gwoup Jistis anviwònmantal (EJ) yo, pèp endijèn yo, sa yo, oswa lòt gwoup priyorite nan sektè Sekirite Alimantè ak Dlo. Kapasite pou separe done selon popilasyon oswa zòn jeyografik espesifik, se youn nan kritè yo itilize pou bay priyorite epi li te yon eleman kle nan efò pou tabli baz done yo. Yo rekòmande pou kontinye amelyore fason done yo ranmase ak rapòte, pou pèmèt rapò pi presi pou chak gwoup popilasyon ak chak zòn kote moun abite, kòm pati nan aplikasyon kontinyèl kad la.

Anplis sa, gen yon kategori Mezi pou Jistis Anviwònmantal, ekite, ak kolaborasyon ki gen objektif, estrateji, endikatè, ak mezi pa li. Pandan sis lòt sektè yo plis dekri ak **kisa** rezilyans sanble, kategori sa a mete aksan sou **kijan** ak pou **kiyès** eta a dwe bati rezilyans lan epi li gen ladan l tèm tankou angajman, bati relasyon, evite konsekans endezirab, epi redui inegalite nan efè chanjman klimatik yo. Sektè sa gen ladan l tou plizyè objektif espesifik ki



Sektè Mezi ResilientMass yo

Aprè sa, w ap jwenn rezime wo nivo pou chak sektè, ki gen ladan Mezi ResilientMass ki deja ap swiv, epi priorize pou devlopman, ansanm ak objektif, endikatè, ak estrateji ki koresponn avè l yo. Yon lis konplè ki bay tout sektè yo, ansanm ak gwoup jistis anviwònmantal ak lòt popilasyon priorite, objektif, endikatè, ak mezi asosye yo disponib nan Apenndis E. Pou mezi ki deja ap swiv yo, valè mezi yo ap disponib sou tablo sou entènèt ResilientMass Metrics lan (ki gen pou devlope epi disponib nan [Mezi ResilientMass](#)). Gen kèk ladan yo tou ki deja parèt nan [Bilten Rapò Klimatik Massachusetts 2024](#) la.

Li enpòtan pou w sonje ke, malgre kad la ak mezi yo bay anpil enfòmasyon enpòtan, li pa posib pou swiv tout efò rezilyans ak adaptasyon ke leta ap fè. Se poutèt sa, ekip pwojè a konsantre sou zòn ki idantifye kòm pi enpòtan pa ajans leta yo, pa òganizasyon patnè yo, pa Gwoup Konsiltatif sou Ekite (EAG) ki te patisipe pandan tout pwosesis la, epi pa piblik la tou.

Mezi sa yo ap kontinye evolye avèk tan an.

Desen 7. Sektè Mezi ResilientMass yo





Jistis Anviwònmantal, Ekite & Kolaborasyon

Massachusetts pran angajman pou mete ekite nan tout nivo gouvènman an epi chèche amelyore rezilta pou popilasyon ki sibi enjistis anviwònmantal (EJ) ak lòt gwoup priyorite. Pandan tout sektè yo vize mezire si pwogrè ki fèt yo rive egalman sou tout gwoup, kategori sa a konsantre sou tèman tankou angajman, bati relasyon, evite konsekans endezirab, epi rediksyon inegalite nan enpak chanjman klimatik yo.

Nan koutèm, gen done ki disponib pou bay bonjan enfòmasyon sou finansman ki prale nan Jistis Anviwònmantal [EJ] ak popilasyon priyorite yo, menm jan ak kantite pwojè yo sou wout pou sipòte bati rezilyans nan eta kominote triba yo. Ajans leta yo ap travay sou kapasite pou yo kapab swiv epi rapòte sou pwotokòl ak pwosedi yo itilize pou angaje kominote yo avèk respè. Anplis de sa, done yo poko ranmase sou plizyè aspè ki plis kalitatif nan travay adaptasyon yo, tankou kòman angajman an vrèman gen sans pou patisipan yo, oswa moun santi yo konekte ak rezo ki fyab ke yo ka kontakte nan yon ka ijans.

Ajans Leta yo ap travay nan objektif sektè sa a pa:

- Bay resous pou evalyasyon sou sante piblik
- Kolabore ak Nasyon Triba, òganizasyon baz, ak lidè minisipal yo
- Finanse pwojè ki soutni kominote Jistis Anviwònmantal [EJ] ak lòt gwoup priyorite; finanse lyen kominote (community liaisons)
- Tradui notifikasyon pwojè ak dokiman; ofri sèvis entèpretasyon (ki gen ladan lang siy ASL) pandan reyinyon ak fowòm yo
- Devlope zouti ak resous sou entènèt (pa egzanp analiz sou enpak konbine)
- Sipòte pwogram matche pou kominote ki pi defavorize yo

Se estrateji sa yo ki te sèvi kòm baz pou endikatè ak mezi priyorite ki tabli pi ba a.

Tablo 2. Mezi Jistis Anviwònmantal [EJ], Ekite, ak Kolaborasyon k ap swiv ^(c) ak Mezi Prensipal pou Devlope ^(*)

OBJEKTIF	ENDIKATÈ	MEZI
Finansman pou rezilyans klimatik, ansanm ak benefis ki soti nan envestisman sa yo, distribye san patipri.	Finansman ekita: Gen plis finansman rezilyans k ap ale bay popilasyon priyorite yo.	Pousantaj finansman rezilyans gouvènman bay kominote Jistis Anviwònmantal (EJ) ak lòt gwoup priyorite. ^c
Solisyon rezilyans klimatik yo baze sou syans ak sou Konesans Ekolojik Tradisyonèl (TEK) oswa Konesans Endijèn (IK).	Jistis Reparasyon ak Respè pou IK/TEK: Plis efò planifikasyon klimatik ki envite epi entegre konesans endijèn avèk respè.	Pousantaj pwojè rezilyans (ajans leta oswa ki resevwa finansman leta) ki entegre konesans tradisyonèl ekològ (TEK/IK). ^(*)



OBJEKTIF	ENDIKATÈ	MEZI
		traditional ecological knowledge (i.e., the evolving knowledge acquired by indigenous and local peoples over hundreds or thousands of years through direct contact with the environment)*
	Patènarya sou Konesans: Ogmantasyon kolaborasyon ant syantis ak moun ki gen konesans tradisyonèl pou soutni planifikasyon rezilyans.	Kantite pwojè rezilyans ki fèt an kolaborasyon ak Nasyon Tribi ak òganizasyon ki sèvi kominote endijèn. ^c
Moun ki soti nan kominote Jistis Anviwònman, pèp endijèn, ak lòt gwoup priyorite yo ap patisipe avèk sans nan planifikasyon rezilyans lan.	Aksè a Angajman: Ogmantasyon aksè nan reyinyon planifikasyon rezilyans yo (pa egzanp: kote, lè, ak lòt aranjman).	Pousantaj reyinyon piblik, sesyon koute, ak odisyon sou rezilyans klimatik ki fèt nan kominote EJ yo pou pwojè ki gen enpak sou yo. *
Patenarya ak gouvènman lokal, tribi, ak lòt aktè ap kreye yon rezo divès ki gen kapasite pou pataje resous ak pi bon pratik sou rezilyans, epi aplike solisyon rejyonal.	Demann Konjwen MVP: Plis aplikasyon rejyonal oswa konjwen pou sibvansyon MVP yo.	Pousantaj sibvansyon planifikasyon ak aksyon MVP ak Sibvansyon Rezilyans Kòt ki fèt kòm aplikasyon rejyonal oswa konjwen. ^c
Relasyon solid ak rezo òganizasyon kominote yo bay sipò chak jou epi nan ijans klimatik.	Patisipasyon Rezo Kominote: Plis moun fè pati rezo kominote yo fè konfyans e yo ta konte sou li pandan oswa apre evènman ekstrèm.	Kantite manm kominote k ap resevwa konpansasyon atravè pwogram sibvansyon rezilyans leta. *
	Patisipasyon Rezo Kominote: Plis moun fè pati rezo kominote yo fè konfyans e yo ta konte sou li pandan oswa apre evènman ekstrèm.	Kantite Òganizasyon Kominote ki resevwa sibvansyon leta/EEA pou rezilyans klimatik epi pousantaj ladan yo ki ap opere nan zòn EJ. *
Inegalite nan fason chanjman klimatik afekte moun ap diminye.	Chaj Klimatik Ekitab: Diminisyon chay inegal chanjman klimatik yo sou tout enpak ki ap swiv yo (jan lòt endikatè kad sa a mezire li).	Kantite, valè an dola, ak/oswa pousantaj (a) tout kay nan eta a epi (b) gwoup EJ ak lòt popilasyon priyorite ki rapòte yo ap fè fas ak pwoblèm sa yo: ■ Enpak sou sante ak travay (pa ka ale lekòl oswa travay akòz move tan ■ Enpak sante ki sòti nan chanjman klimatik oswa evènman ekstrèm ■ Dereglaj biznis Pwoblèm lojman: ■ Domaj oswa pèdi kay, difikilte jwenn kay ki sekirize ak afòtab, pri enèji Ensekirite alimantè: ■ Difikilte peye manje *



Ekonomi

Plizyè aspè nan ekonomi Massachusetts la sansib ak efè chanjman klimatik ak deranjman ki soti nan evènman ekstrèm. Sa ka lakoz, pa egzanp deregleman nan chèn distribisyon, difikilte pou travay, espesyalman pou moun k ap travay deyò pandan chalè ekstrèm oswa reta pou ale travay akòz domaj nan enfrastrikti. Menm jan, Evalyasyon Klimatik Massachusetts la prevwa yon diminisyon nan pwodiksyon lapèch maren ak akwakilti akòz chanjman tanperati lanmè ak asidifikasyon sa ap afekte kantite pwason yo ka trape, revni ki soti nan aktivite sa yo, epi gen konsekans sou tout endistri ki relye ak yo sof si yo pran mezi adaptasyon yo.

Objektif, estrateji, endikatè ak mezi pou sektè ekonomi nan Mezi ResilientMass yo mete aksan sou tèm tankou sipò pou biznis vin pi rezilyan fas ak chanjman klimatik, devlopman fòs travay, ak eta endistri rekreyasyon deyò ak sektè agrikòl. Gen mezi anplis nan sektè sa ke y ap devlope pou ki vize evalye ki nivo preparasyon biznis yo genyen kont deranjman klimatik (pa egzanp: plan kontinite biznis, asistans teknik). Gen travay adisyonèl ki nesesè pou jwenn yon pi bon konpreyansyon sou eta preparasyon agrikiltè yo pou dereglaj, ak konbyen biznis ki nan zòn ki pa twò riske paske yo andeyò zòn ki gen risk ki wo, tankou plèn ki ka inonde.

Ajans Leta yo ap travay nan objektif sektè sa a pa:

- Pwoteje tè agrikòl, forè ak lapèch
- Bay resous pou moun k ap chèche travay (pa egzanp, planifikasyon karyè, finansman pou fòmasyon, rechèch sou mache travay, klas anglè ki baze sou anplwa)
- Sipòte manifaktirè manje pou planifikasyon chèn distribisyon yo
- Bay fòmasyon sou risk klimatik pou operasyon tretman dlo, ki gen ladan finansman pou premye fòmasyon repons jè luil
- Fè videyo pwofesyonèl pou sensibilize sou travay ki gen rapò ak klima epi ak lòt opòtinite travay ki gen rapò yo
- Envesti nan teknoloji klimatik ak kwasans travay nan domèn sa a

Mezi sa yo baze sou estrateji sa yo, epi se yo ki fòme endikatè ak mezi priyorite ki nan tablo ki vin apre a.



Tablo 3: Mezi pou sektè Ekonomi – Sa k ap Suiv (°) ak sa ki Prioritè pou Devlope (*)

OBJEKTIF	ENDIKATÈ	MEZI
Biznis ak endistri yo prepare pou afwonte deranjman klimatik yo.	Kontinite Jeneral Biznis: Biznis Massachusetts yo sibi pi piti domaj ak entèripsyon ki gen rapò ak chanjman klimatik ak evènman ekstrèm.	Kantite lajan finansman leta bay pou amelyorasyon rezilyans kont chanjman klimatik pou biznis yo.*
Agrikilti, lapèch, ak endistri maren yo rete pwodiktif pou afwonte menas chanjman klimatik yo pou sipòte ekonomi lokal ak sekirite alimentè.	Kontinite Ekonomi Resous Natirèl yo: Redui pèt pou tout biznis lokal ki baze sou resous natirèl yo.	Montan (\$) pèdi pa fèm pou chak epizòd sechrès (selon PDSI) oswa inondasyon (2 pous oswa plis lapli nan 24 èdtan) °
Fòs travay lokal la gen ladrès ak fòmasyon pou mete an aplikasyon pwojè ak inisyativ rezilyans.	Travay Rezilyans Klimatik: Gen plis moun k ap travay nan biznis ki sipòte rezilyans klimatik.	Kantite travay ki sipòte rezilyans klimatik (tankou: travay espesifik nan rechèch adaptasyon klimatik, devlopman, fabrikasyon pwodui, adaptasyon ekite, elatriye) (dirèk, endirèk, epi endui) *
	Fòmasyon Pwofesyonèl: Ogmante nan kantite ak divèsite fòmasyon pwofesyonèl pou travay nan domèn rezilyans klimatik.	Kantite travayè ki resevwa fòmasyon sou konpetans ki gen rapò ak rezilyans klimatik atravè pwogram MassHire ak lòt inisyativ pètinan ajans leta yo*



Sekirite Alimantè & Dlo

Sekirite alimantè nan kontèks chanjman klimatik se yon domèn ki relativman nouvo nan efò pou ogmante rezilyans nan Massachusetts, pandan ke kesyon sekirite dlo se yon priyorite depi lontan men chanjman klimatik agrave defi pou garanti ase dlo ki pwòp.

Mezi ki disponib kounye a pèmèt nou konprann pi byen konbyen finansman k ap ale pou sekirite alimantè ak dlo, espesyalman pou asire rezistans sistèm distribisyon manje a. Yo montre tou kantite tè ki pwoteje pou agrikilti ak pou rezèv dlo potab. Mezi ki rete yo refilete rezilta sante ki lye ak sekirite manje ak dlo, tankou rediksyon nan kantite maladi ki soti nan manje oswa nan dlo.

Avèk plis efò, ajans yo kapab devlope done ki pi fon sou sous manje lokal ak sou finansman leta ki konsantre sou amelyore rezilyans kont sechrès ak inondasyon kotyè, sitou atravè pi bon estrikti distribisyon manje ki ka kenbe tèt ak risk klimatik. Done poko disponib pou mezi ki vize sou aksesibilite manje ak dlo potab ki an sekirite; konbyen tanpon eta a genyen ant kantite dlo ki disponib, ak dlo ki itilize; epi kisa eta a ap fè pou atenn moun ki depann de sous dlo ak pi.

Ajans Leta yo ap travay nan objektif sektè sa a pa:

- Sipòte Plan Aksyon l'ajans pou biznis manje an detay ak an gwo
- Bay sibvansyon pou pwojè ki gen rapò ak manje epi agrikilti (tankou: jaden kominotè, forè manje)
- Egzekite pwogram ki veye sante pwodui agrikòl ak bèt
- Fè rechèch ak envestigasyon (tankou: swiv maladi manje ki gen rapò ak chofay dlo yo)
- Bay finansman pou pwoteksyon kalite dlo potab
- Regle sistèm manje ak sistèm dlo potab

Mezi sa yo baze sou estrateji sa yo, epi se yo ki fòme endikatè ak mezi priyorite ki nan tablo ki vin apre a.

Tablo 3. Mezi pou Alimantè & Dlo Mezi k ap Suiv (°) ak Mezi Prensipal pou Devlope (*)

OBJEKTIF	ENDIKATÈ	MEZI
Rezo distribisyon manje yo garanti aksè san entèripsyon ak manje ki bon pou sante, menm pandan evènman ekstrèm oswa chanjman nan chèn distribisyon ki koze pa klima.	Aksè Fyab ak Manje: Aksè ak manje vin pi fyab pandan evènman ekstrèm yo.	Montan (\$) finansman leta bay pou sistèm distribisyon manje ki rezistan ak chanjman klimatik °



OBJEKTIF	ENDIKATÈ	MEZI
Pwodiksyon manje lokal garanti aksè regilye ak manje ki bon pou sante, ni chak jou ni pandan ijans.	Sekirite Manje: Gen mwens enfeksyon ki soti nan maladi manje (tankou vibriyo) ki sansib ak chanjman klima.	Kantite maladi manje ki soti nan molisk lanmè (tankou woma) akòz chofaj lanmè *
	Sous Manje Lokal: Gen plis manje lokal nan rejim alimantè moun yo.	Kantite tè (an kawo) ki pwoteje pou agrikilti. ^c
